

Gladhi 1

Bocah Cilik Kae

(Turiyo Ragilputra, Bledheg Segara Kidul, 2007:59)

bocah cilik sing nyapu latar kae
sapa ngerti mbesuk tembe thukul elare
mabur dhuwur nganglang langit
numpak mega-mega andon lelana sinambi methiki
lintang kartika

bocah cilik kae isih bening
jiwane isih suci lemah atine
aja ditanduri jenu utawa senthe
aja dibumboni wisa utawa krawe

bocah cilik kae
togna menyang endi abur jiwane

Tembung-tembung ing ngisor jodohna miturut tegese!

No.	Tembung	Tegese	No	Tembung	Tegese
1.	tembe		9.	methiki	
2.	thukul		10.	kartika	
3.	elare		11.	jenu	
4.	nganglang		12.	senthe	
5.	mega-mega		13.	abur	
6.	andon		14.	Togna	
7.	lelana		15.	wisa	
8.	krawe				

Ngundhuh	Akal, nalar, pikiran
Tuwuh	Lelungan, mider-mider
Lintang	Mendhung
Ngubengi	Samubarang kang ora becik
entek-entekan	Mengko, mbesuk
Sawijining tanduran kan nduweni racun	Miber
Banjur bae, lestari	racun
Sawijining tanduran tales-talesan kang uga nduweni racun	